

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra nyaéta hasil pamikiran imajinatif manusa nu eusina mangrupa gagasan atawa ide nu dikedalkeun ngaliwatan tulisan, rupa-rupa kajadian imajinatif nu ditulis ku pangarang nu mangrupa runtulan kajadian tina pangalaman nu kaalaman ku sorangan atawa kaalaman ku batur. Dina rupa-rupa kajadian nu dituliskeun ku pangarang, urang bisa neuleuman mangpaat dina éta tulisan.

Karya sastra miboga pungsi pikeun hiburan. Salian ti éta, mimitina harti sastra jembar pisan, nya éta ngawengku sagala rupa hasil kagiatan basa atawa nulis. Marengan sumebarna kabiasaan maca jeung tulisan, hartina disempitkeun tur dihartikeun salaku sagala hasil kagiatan anu sipatna imajinatif, kagiatan basa alus dina kahirupan digambarkeun di dinya, kitu ogé dina urusan basa anu digunakeun pikeun ngagambarkeun éta kahirupan (Faruk dina Dian, 2018, kc. 1).

Salian ti éta, sastra sacara étimologis téh asalna tina kecap Sangsakerta; sas jeung tra. Sas téh akar kecap tina kecap rundayan nu hartina: ngarahkeun; ngajarkeun; ngawulangkeun; méré pituduh atawa paréntah; intruksi. Tra téh mangrupa kecap ahiran nu biasana nuduhkeun alat; pakakas; sarana (*devices*). Jadi upama dihiji keun jadi ‘sastra’ nu hartina pakakas pikeun miwulang; buku pituduh; buku intruksi atawa buku pangajaran (Isnédés, 2010, kc. 1).

Nurutkeun Isnédés (2010, kc. 39) novel téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang sarta galur caritana ngarancabang (kompleks). Nurutkeun Aprilia dina Sumatera, spk. (2022, kc. 29) novel mangrupa karya sastra anu leuwih dipikaresep ti batan karya-karya sastra séjénna. Salian ti éta, novel mangrupa karya sastra anu nyaritakeun kahirupan jalma anu imajinatif sarta ngagunakeun basa anu gampang kaharti ku pamaca.

Salahsahiji fénoména dina karya sastra anu masih mekar di jaman kiwari nyaéta témana ngeunaan percintaan. Sanajan téma ieu geus lila jadi subyek utama dina sastra, ngan panulis kontemporer neruskeun ngaeksplorasi tur napsirkeun percintaan dina cara anu anyar jeung variatif.

Karya anu téma atawa gagasan dasarna ngeunaan cinta, boh téma cinta sagemblengna, boh carita keur hiburan hungkul di jaman kiwari téh réa pisan. Hususna dina novel biasana kauger ku carita-carita cinta anu umum, saperti cinta antara manusa jeung Gustina, cinta manusa jeung alam, cinta manusa jeung kolotna, sarta cinta manusa jeung manusa deui.

Ieu panalungtikan dihususkeun pikeun niténan unsur romantisme cinta, dina salahsahiji novel anu patalina jeung romantisme cinta dina caritana nyaéta novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Nu ngagunakeun ulikan struktural pamarekan Stanton jeung ulikan romantisme pamarekan Sternberg nu jadi dadasar tiorina. Salian ti éta, ieu panalungtikan dilakukeun ku sabab ieu novelét can pernah di talungtik.

Dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa ieu, miboga carita anu romantik nyaéta ngeunaan lambaran-lambaran romantika Nonon jeung Kuswana. Ku kituna alesan panulis pikeun ngagunakeun ulikan romantisme ku sabab dina ieu novel ngandung caritaan anu romantik.

Abdullah Mustappa, lahir Nopémber 1945, nyaéta salahsahiji pangarang, wartawan, kolomnis, boh dina basa Sunda boh dina basa Indonésia anu boga kalungguhan penting dina dunya jurnalistik, sastra jeung kolom di Indonésia, hususna dina sastra Sunda. Abdullah Mustappa kasohor salaku panulis produktif dina rupa-rupa génré, saperti puisi, carita pondok, ésény, artikel jeung tarjamahan, boh dina basa Sunda jeung basa Indonésia.

Salasahiji préstasi Abdullah anu medal, nyaéta karangan ngeunaan sajak Amir Hamzah meunang pasanggiri anu diayakeun ku Balai Bahasa, Jakarta. Dina taun 1997, karanganna anu judulna "Kami Butuh Dialog Budaya" dipuji sarta meunang pangajén Jurnalisme Zulharmans ti PWI Pusat. Salian ti éta, aya ogé dina taun 2006, Abdullah dilélérl Hadiah Sastra Rancagé lantaran gedé jasana dina mekarkeun sastra Sunda. Saterusna, dina taun 2014, Abdullah nyangking deui Hadiah Sastra Rancagé pikeun kumpulan sajak anu judulna "Titimangsa: 68 Sajak Alit". Sasalian ti éta, novel *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa ieu nyangking Hadiah Sastra Rancagé dina taun ayeuna nyaéta di taun 2024. Dina ieu karya bisa jadi nambahana kabeungharan dina kasusastraan Sunda.

Abdullah ogé miboga pangalaman dina dunya rédaksi, di antarana jadi rédaktur tabloid Sunda *Galura* (Kelompok Pikiran Rakyat), rédaktur *Pikiran Rakyat*, jeung wakil rédaksi majalah *Manglé*. Ngaliwatan karya-karyana dina rupa-rupa média, Abdullah terus méré kontribusi pikeun nanjurkeun sastra hususna sastra Sunda, sarta boga peran dina mekarkeun wawasan budaya masarakat.

Di jaman kiwari geus réa novel-novel anu témana cinta, sanajan novel anu témana lian ngeunaan cinta tapi novel cinta téh leuwih mekar ku sabab dina kamajuanna jaman ogé pangresep dina génréna. Tangtuna ieu mangrupa salahsahiji fénoména anu aya di masarakat sosial. Ku sabab dina novel téma cinta dipikaresep ku unggal jalma ogé henteu matok kana umur, barudak, rumaja, déwasa jeung kolot. Husus di tatar Sunda geus réa pisan novel anu témana cinta, tapi dina panalungtikan anu niténan romantisme dina novel kaitung saeutik. Dina novel anu témana salian ti cinta téh lolobana sok ditambahan unsur cinta ku pangarangna, tujuanna jadi hiburan pikeun anu maca.

Novelét nyaéta wangun prosa fiksi anu sipatna antara carita pondok jeung novel tina segi panjangna jeung kompleksitasna. Biasana, novelét panjangna antara 7.500 nepi ka 17.500 kecap, sanajanan wates ieu bisa béda-béda gumantung kana karesep penerbit atawa pangarangna. Istilah "Novelét" sorangan mindeng dipaké silih ganti jeung "novella" atawa "novel pondok" dina basa Inggris. Nilik kana ieu novel *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa téh kaasupna lain kana novel tapi kana novelét. Ku sabab nilik kana katangtuan nu pangjangna antara 7.500 nepi ka 17.500 kecap, nu matak ieu novel *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa henteu kaasup kana novel tapi ka novelét. Novel jeung novelét miboga békédaan dina eusina nyaéta, 1) novel biasana panjangna leuwih panjang tibatan novelét, novel bisa ngarébu-rébu nepi ka ratusan rébu kecap, sedengkeun novelét umumna panjangna antara 7.500 nepi ka 17.500 kecap; 2) novel miboga leuwih loba rohangsan pikeun mekarkeun plot anu kompleks jeung variatif, novel miboga sub-plot, twist, jeung peristiwa anu loba ogé silih pakait. Di sagédéngéun éta, novelét miboga rohangsan leuwih leutik pikeun plot tambahan. novelét condong miboga hiji konflik utama jeung plot anu leuwih lugas; 3) maca novel kudu ngabutuhkeun waktu anu leuwih lila tibatan

maca novelét. Novel kudu ngabutuhkeun sababaraha sesi maca anu terus-terusan, sedengkeun novelét bisa dina waktu anu leuwih heureut. Cindekna, bédédaan nu utama antara novel jeung novelét nyaéta panjangna, kompleksitas plot, jeung jero karakterna, sedengkeun sasaruaanana nyaéta kaduana mangrupa wangun prosa naratif anu pikaresepeun, nu duanana nawarkeun pangalaman maca anu béda-béda dumasar kana karesep jeung kabutuhan pamaca ogé panulis.

Tiori struktural mangrupa salah sahiji tiori digunakeun dina panalungtikan sastra ku cara ngaitkeun unsur-unsur (struktur) dina di jerona jadi hiji, gembleng ngahiji. Stanton (2017, kc. 7-10) nétélakeun yén unsur unsur anu digunakeun dina nganalisis struktur karya sastra ngawengku tilu unsur nyaéta téma, fakta carita (galur, penokohan, jeung latar), jeung sarana carita (puseur implengan, gaya basa, jeung judul). Téma dina carita pikeun jadi ide pokok anu miboga makna anu penting. Galur dina nyieun carita anu terstruktur sarta ngajadikeun pamiarsa paham kana kamajuan hiji carita. Latar dina hiji carita ngajadikeun carita nu dicaritakeun ku pangarang karasa nyata ku pamaca kalawan tempat, waktu jeung suasana nu kaalaman ku para tokoh dina hiji karya. Penokohan bakal méré gambaran ngeunaan kumaha karakter unggal tokoh dina hiji caritana. Puseur implengan dina carita nyaéta pamikiran, émosi, atawa posisi pangarang anu dituangkeun dina caritana. Gaya basa dina carita méré nyaho kumaha cara pangarang dina ngagunakeun basana dina carita. Judul dina carita pikeun nunjukeun pusat ma'na dina carita. Alesan pikeun ngagunakeunana analisis struktural dina ieu panalungtikan, nyaéta ieu analisis sacara struktural diniléy atawa dititénan salaku nu paling éfektif dina nganalisis novel.

Tiori struktural mangrupa karangka konséptual anu ngamungkinkeun urang pikeun ngarti kumaha unsur-unsur dina hiji sistem anu aya patalina jeung ngabentuk pola anu miboga harti anu tangtu. Tiori struktural nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 91) karya sastra mangrupa struktur anu otonom. Kukituna unsur caritaan anu dipaké ogé nya éta unsur carita Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar) jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa, jeung judul).

Dina *The Triangular Subtheory of Love* (cinta segitiga) karya Robert J. Stemberg nétélakeun yén cinta kauger ku tilu élemén anu bisa ngawangun simpul

segitiga. Harti cinta segitiga téh nyaéta tilu élemén cinta anu silih patalina antara éleménna. Tilu komponén éta nyaéta kaintiman (*intimacy*), napsu/gairah (*passion*), komitmen (*commitment*) mangrupa tilu faktor. Kaintiman ngacu kana rasa deukeut jeung ikatan cinta. Kaintiman nyaéta élemén émosi anu aya dina jero haté kauger ku kayakinan jeung kahayang pikeun ngabina rumah tangga, dina harti séjénna ngalaman éndahna dina hubungan cinta. Kaintiman (*initimacy*) digambarkeun ku paripolah palaku basa méré harta wanda jeung waktu, rasa émpati ka batur. Kadua, napsu/gairah (*passion*) nyaéta komponén fisiologis, saperti napsu biologis atawa séksual. Napsu/gairah (*passion*) digambarkeun ku silih teuteup, paantel leungeun, cinta, jeung sajabana. Katilu, komitmen nyoko kana waktu jangka pondok jeung jangka panjang pikeun mutuskeun cinta ka batur. Komitmen basana nyampak basa saurang jalma ngarasa cocog jeung batur anu jadi pilihanna sarta nyieun kaputusan pikeun ngajalankeun hubungan babarengan boh jangka panjang boh jangka pondok. Komitmen (*commitment*) digambarkeun ngaliwatan kasatiaan séksual (cinta), tunangan, jeung jaturakmi (Sternberg, 1986, kc. 119).

Dina novel, aya sababaraha ajén-inajén contona saperti romantisme, sosial, moral jeung atikan anu ngagambarkeun hubungan romantis, realitas masarakat, prinsip-prinsip moral jeung atikan anu ditepikeun ku tokoh-tokoh, nu caritana bisa mangaruhan nu maca ku cara méré inspirasi, ngaréfléksi diri. Dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa ieu ngandung ajén romantik antara manusia ka manusia nyaéta antara Nonon jeung Kuswana. Salian ti, ajén romantik dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa ieu ngandung sababaraha ajén séjénna nyaéta ajén moral, ajén sosial, ajén atikan, jsb.

Tujuan diayakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh unsur romantik tina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa, dipiharep novel-novel karya sastra Sunda téh bisa leuwih dipikawanoh tur dipikaresep deui ku sakabéh golongan.

Aya sababaraha panalungtikan anu aya patalina jeung ieu panalungtikan di antarana waé: (1) "Aspék Romantis dina Novel Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan karya MH. Rustandi Kartakusuma" (Ulikan Psikologi Sastra) ku Anisa Julianingrum taun 2023; (2) "Rumpaka Mamaos karya Tatang Setiadi:

Ulikan Struktural jeung Romantisme” ku Wardah Ramdaningsih taun 2023; (3) “Romantisme pada Novel Soekarno Kuantar ke Gerbang karya Ramadhan K.H dan Implikasinya” ku Endah Fitrianingsih jeung Kahfie Nazaruddin ti Universitas Lampung taun 2017; (4) “Romantisme dalam Lirik Lagu (Komang) karya Raim Laode” ku Pauline Dewi, Adam Yogantara, Anita Tri Tyaswanti, Titik Sudiatmi jeung Wahyu Dini Septiari ti Universitas Bangun Nusantara taun 2023; (5) “Karakteristik dan Aplikasi Aliran Romantisme Arab” ku Emha Aenun Najib ti Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga taun 2020; (6) “Analisis Nilai Religius dan Romantisme dalam Novel Islammu adalah Maharku karya Ario Muhammad” ku Riska Ulfa, Nurlaili jeung Iskandar ti Universitas Almuslim ti taun 2020; (7) “Wacana Romantisme dalam Sejarah Sastra Indonesia Periode Kolonial Belanda (1900-1942)” ku Dwi Susanto jeung Rianna Wati ti Universitas Sebelas Maret taun 2019; (8) “Analisis Romantisme dan Makna Hiperbola pada Puisi Syair Rindu karya Marah Roesli” ku Irfanda Siti Amaliyafitri ti Universitas IKIP Siliwangi taun 2022; (9) “Romantisme dalam Kumpulan Puisi Senyawa karya Andrei Aksana” ku Istiqamah ti Universitas Muhammadiyah Banjarmasin taun 2019; (10) “Analisis Romantisme dalam Empat Kumpulan Sajak Kakawin Kaawin karya Ws Rendra” ku Ngifat Khoerunnisa, Adina Anisnaeni, Arinda Oktariski, Azizah Nur Imani, jeung Edy Suryanto ti Universitas Sebelas Maret taun 2023. Dina panalungtikan anu ayeuna dilaksanakeun, aya sasaruaan jeung bédéaan jeung panalungtikan saméméhna. Sasaruaanana nyaéta ngagunakeun ulikan struktural jeung romantisme. Bédéaanana lebah novel nu dijadikeun bahan panalungtikan anu can kungsi ditalungtik saméméhna dina widang kasusastraan. Salian ti éta, bédéaanana nyaéta dina obyék panalungtikanna aya nu nalungtikn dina rumpaka lagu, kumpulan sajak, jeung rumpaka mamaos.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa (Ulikan Struktural jeung Romantisme)” perlu dilakukeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah téh mibanda peran anu penting dina unggal wangu panalungtikan, di antarana salaku watesan dina masalahna. Supaya panalungtikan henteu méngpar tina rarancang jeung tujuan mimiti.

Dina ieu panalungtikan “*Novelét Carita Anu Duaan Karya Abdullah Mustappa (Ulikan Struktural jeung Romantisme)*” baris diwatésan ulikan strukturalna tiori Robert Stanton anu nyoko kana patalina jeung fakta carita, anu ngawengku tokoh, alur jeung *setting*, sarta aspék romantik tiori Robert Stemberg, anu nyoko kana kaintiman, napsu, jeung komitmen.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar. Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun pikeun ngaguar dua pasualan inti nu jadi rumusan masalah, nyaéta kieu.

- 1) Kumaha struktur carita nu ngancik dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa?
- 2) Kumaha unsur romantisme nu nyampak dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta: 1) tujuan umum; jeung 2) tujuan husus. Tujuan ieu panalungtikan dipedar kieu.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaguar struktur Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Sabada kitu, pikeun mangguhan tur ngadéskripsikeun unsur romantisme nu nyangkaruk dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita anu ngancik dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa;

- 2) unsur romantisme anu nyampak dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, nyaéta: 1) mangpaat tioritis; jeung 2) mangpaat husus. Mangpaat ieu panalungtikan dipedar kieu.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, tina dilaksanakeunana ieu panalungtikan, dipiharep ieu tulisan téh jadi hiji karya ilmiah anu ilubiung pikeun ngajembaran élmu kasusastraan, hususna dina widang ulikan romantisme Sunda jeung struktur carita anu nyangkaruk dina Novelét *Carita Anu Duaan* kaya Abdullah Mustappa. Salian ti éta, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun nu rék nalungtik dina widang sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi nambahán pangalaman jeung pangaweruh sarta bisa méré informasi ngeunaan unsur romantisme nu nyangkaruk dina Novelét *Carita Anu Duaan*;
- 2) pikeun masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa nambahán élmu pangaweruh tur méré tatapakan anu ngarojong kana kamekaran sastra Sunda. Lian éta, sangkan bisa mikanyaho unsur romantisme nu nyampak dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa;
- 3) ogé dipiharep ieu panalungtikan téh bisa ngajembaran élmu pangaweruh dina kahirupan masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, dina eusina ngabahas ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung

tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan sawatara tiori-tiori anu dipedar anu digunakeun patali jeung ulikan struktural jeung ulikan romantisme.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran ngeunaan ulikan struktural dina novelét jeung romantisme.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan satulunya.